

## APLIKASYON POU VIN POSEDE KAY

### ENSTRIKSYON:

1. **SOU MÈT YON SÈL APLIKASYON POU CHAK KAY.** Ou ka pa kalifye si nou resevwa plis pase yon sèl aplikasyon pou ou oswa moun nan fanmi pwòch ou pou chak tiraj-osò sa a.
2. **Nou chwazi aplikasyon yo o aza nan yon tiraj-osò.** Selon kantite aplikasyon nou resevwa, li ka pa posib pou nou travay sou tout. Poutèt sa, li posib ou gendwa pa resevwa yon repons. Nou ankouraje tout moun ki aplike yo pou yo swiv sant resous Vil New York mete anplas sou entènèt la ([nyc.gov/housing](http://nyc.gov/housing)) pou swiv nouvo opòtinite lojman sa a yo.
3. **Ou dwe ranpli twa premye seksyon yo (Seksyon A, B ak C) epitou ou dwe siyen ak mete dat sou aplikasyon an pou nou kapab egzamine aplikasyon ou si nou chwazi pou nou konsidere l.** Ou dwe ranpli aplikasyon an avèk anpil atansyon. Si ou bay enfòmasyon ki pa konplè pou kantite ak non moun ki ap viv lakay ou epi ki aplike pou abite nan apatman an avèk ou, oswa si ou bay enfòmasyon ki pa konplè pou revni yo, sa ka lakòz ou pa kalifye. Answit, pa itilize okenn korektè (likid blan) sou aplikasyon an. Si ou bezwen korije yon erè, ou dwe trase yon liy avèk prekosyon sou erè w lan, apresya ekri enfòmasyon revize a avèk prekosyon akote l, lèfini siyen inisyale ou toupre chanjman ou fè a.
4. Lè ou fini, ou dwe voye aplikasyon sa a pa sèvis regilye lapòs SÈLMAN nan adrès ki anba a. Pou asire ke li byen rive nan Bwat Postal la, pa sèvi ak kourye sètifye, resi retou, oswa nenpòt metòd ki mande yon konfimasyon siyati.
5. Aplikasyon ou ranpli a dwe gen dat tenm lapòs sou li oplita nan dat **30 janvye, 2019.**
6. Ou ta dwe soumèt aplikasyon an sèlman nan moman sa a. Si nou chwazi aplikasyon ou pou nou travay sou li, n ap mande ou lòt enfòmasyon nan moman sa a.

7. Voye aplikasyon ou plen an pa lapòs nan:

**LÉPRIE MANOR, HDFC  
P.O. BOX 391400  
NEW YORK, NY 10039**

8. **Ou pa dwe peye okenn moun pou prepare oswa pou depoze aplikasyon sa a pou ou.** Pèsòn pa ka fè ou peye frè koutye oswa okenn lòt frè pou aplikasyon an. Si nou chwazi konsidere aplikasyon ou, konpayi jesyon an ap touche yon chèk kredi non-ranbousab nan moman an. Pou fanmi ki gen limit revni ki egal oswa pi ba ke 80% nivo Revni Mwayen Zòn (AMI, Area Median Income) Vil New York, frè a pa dwe depase \$25 pou chak aplikasyon (pou fanmi ki gen 1 oswa 2 adilt) oswa \$50 (pou fanmi ki gen 3 adilt oswa plis). Pou fanmi ki gen limit revni ki pi wo ke 80% AMI, frè a pa dwe depase \$50 pou chak aplikasyon (pou fanmi ki gen 1 oswa 2 adilt) oswa \$75 pou chak aplikasyon (pou fanmi ki gen 3 adilt oswa plis).
9. Kalifikasyon dapre Revni: Tanpri egzamine tablo ki nan reklam pou pwojè a ki dekri nivo revni obligatwa yo pou pwogram lojman HPD/HDC pou pwojè w ap aplike pou li a, dapre kantite moun ki ap viv lakay ou. Endike tout sous revni pou moun ki ap viv lakay ou nan aplikasyon an. Anjeneral, nou kalkile revni anvan dediksyon pou pifò moun ki aplike yo, men nou sèvi ak revni apre dediksyon revni travayè endepandan. Answit, tanpri konnen si yo konsidere aplikasyon ou an, ou pral gen pou prezante tout sous revni yo sou fòm dokiman verifyab. Si nou chwazi aplikasyon ou, n ap kontakte ou, dapre metòd ou chwazi sou aplikasyon an (imèl oswa kourye lapòs), avèk yon lis dokiman w ap bezwen bay nan moman an.
10. Lòt Faktè Kalifikasyon: Anplis kondisyon revni an, ap gen lòt faktè kalifikasyon ki anvigè. Gen plis ak plizyè faktè kalifikasyon:
  - a. Verifikasyon Dosye Kriminèl
  - b. Kalifikasyon kòm yon Kay – Pwogram lojman Ajans lan la pou moun ki pa touche ase revni, fanmi ak kay ki kapab montre entèdepandan finansye yo sou dokiman kòm yon inite fanmi. Pwogram sa yo ki pa chè la

pou "sitiyasyon moun k ap viv nan menm kay" epi poutèt sa moun ki aplike yo p ap kalifye anba kritè moun nan kay.

- c. Moun nan gen Bezwen k ap kontinye toujou – Moun ki aplike nan pwogram lojman HPD/HDC ki pa koute chè yo dwe montre yo kontinye gen bezwen pou èd lojman dapre yon analiz resous yo ak dènye istorik revni yo.
- d. Posesyon Kay – Okenn moun nan kay moun ki aplike a pa ka posede, oswa pa t achte, okenn pwopriyete rezidansyèl, tankou aksyon nan ko-pwopriyete.
- e. Limit Byen - Gen Gen yon limit nan kantite lajan total byen fanmi an nou aksepte (sof retrèt ki deziyen yon fason espesyal ak kont epay pou kolèj). Pou yon inite posesyon kay, valè byen fanmi moun ki aplike a pa ka depase dènye limit revni HUD pou kat (4) moun pou 175% revni medyan zòn nan (area median income, AMI). Limit byen pou ane 2017 pou inite posesyon kay se \$182 525 dola.
- f. Revni Kado – Kay ki resevwa revni kado ki depase \$10,000/ane pa kalifye, amwenske yo ta kalifye baze sou revni avèk oswa san revni kado a.
- g. Dosye Istwa Kredi- Ajan maketing ak pretè yo evalye dosye kredi pou detèmine si ou kalifye pou yon ipotèk prive epi si ou kalifye, kisa kondisyon ipotèk la kapab ye.
- h. Lajan depo garanti "sezonye"-Kapab gen règ pou konbyen tan kèk oswa tout nan lajan depo garanti ou an dwe nan kont labank ou a avan acha a. Nòmman li te dwa twa (3) a sis (6) mwa.

11. Preferans ak Rezèvasyon sou Aplikasyon an: Gen yon preferans jeneral nan tiraj-osò a pou moun k ap viv nan Vil New York nan moman an (senk minisipalite yo). Fanmi ki deyò Vil New York yo lib pou aplike, men n ap mete aplikasyon yo nan kategori priyorite ki pi ba epi n ap travay sou yo sèlman apre nou finn konsidere rezidan Vil New York ki aplike yo. Gen yon pousantaj aptman ki rezève pou moun ki gen andikap mobilite, tandè, zye, epi gen lòt preferans pou moun k ap viv nan konsèy kominotè abitasyon sa a ak moun ki se anplwaye minisipal Vil New York. Preferans ki espesyal pou pwojè ka anvigè. Tanpri reponn kesyon ki nan aplikasyon an avèk anpil atansyon pou ede nou idantifye preferans yo.

12. Kondisyon pou Adrès Prensipal: Nenpòt moun ki aplike epi nou apwouve pou ansanm abitasyon sa a dwe kenbe nouvo kay la kòm sèl adrès prensipal li. Si nou apwouve moun ki aplike a pou yon inite lojman ki pa chè, li dwe remèt nenpòt inite kote l ap viv nan moman an. Chak manm fanmi moun ki aplike a ki lwe byen imobilye rezidansyèl dwe rezilye kontra lwaye li pou sa epi li dwe remèt posesyon pwopriyete lokasyon an nan oswa anvan dat amenajman li pou yon inite posesyon kay ki pa chè. Pou yon inite posesyon kay ki pa chè, moun ki aplike a dwe dakò pou toujou ap viv nan inite lojman ki pa chè kòm sèl adrès prensipal li, pou li viv ladan pa mwens pase 270 jou pa ane, avèk eksepsyon jou li pase nan sèvis militè aktif oswa nan sou-lokasyon (kote dokiman kontwòl pwojè a pèmèt sa).

13. Si ou Bay Fo Enfòmasyon oswa Enfòmasyon ki Pa Konplè: Fiti moun ki aplike yo ta dwe konnen pwogram lojman sa a se yon pwogram lojman ki jwenn èd leta. Si ou bay fo enfòmasyon oswa si ou fè espre pou bay enfòmasyon ki pa konplè (swa nan aplikasyon sa a oswa nan nenpòt dokiman verifikasyon ou bay annapre) sa ap non sèlman lakòz ou pa kalifye, men tou n ap voye dosye ou ba otorite konpetan pou yo fè aksyon kont ou - tankou posiblite pou yo pouswiv nan lajistis kòm kriminel. Depatman Ankèt Vil New York (New York City Department of Investigation), yon ajans lapolis endepandan Vil New York, ka revize tout dokiman administratif ak dokiman moun ki aplike yo soumèt yo.



## A. Non ak Adrès (Obligatwa)

Adrès Kay:

Prenon	Inisyal Dezyèm Prenon	Non fanmi
Nimewo Biding (Kay)	Ri	Nimewo Apatman
Vil	Eta	Kòd Postal

**Minisipalite Vil New York (tcheke youn):**

- Manhattan     Bronx     Brooklyn     Queens  
 Staten Island     Pa aplikab

Depi konbyen tan w ap viv nan adrès sa a? \_\_\_\_\_ Ane    \_\_\_\_\_ Mwa

**Nimewo Telefòn:**

Telefòn Selilè	Telefòn Lakay	Telefòn Travay
----------------	---------------	----------------

Tcheke ti bwat la si adrès postal la **pa menm** ak Adrès Kay ki endike anwo a

**Adrès Postal** (si li diferan):

Nimewo Biding (Kay)	Ri	Nimewo Apatman
Bwat Postal		
Vil	Eta	Kòd Postal

**Metòd Kontak:** Kijan ou ta prefere yo kontakte w pou tout kominikasyon alavni konsènan aplikasyon ou an (tcheke youn)?

Imèl (mete adrès imèl la): \_\_\_\_\_

Kourye Lapòs



**Preferans Lang pou Kontak:** Nan ki lang ou ta pito resevwa kominikasyon alekri konsènan aplikasyon ou? Tcheke youn. (Si ou pa tcheke yon lang, kominikasyon alekri yo ap ann Anglè.)

- Anglè
  Español (Panyòl)
  简体中文 (Chinwa)
  Русский (Ris)
  한국어 (Koreyen)
  Kreyòl Ayisyen (Haitian Creole)
  العربية Arab

## B. Enfòmasyon sou Moun ki ap viv Lakay ou (Obligatwa)

**AVI POU LWA KONSÈNAN ENFÒMASYON PRIVE** - Lwa Federal 1974 konsènan Enfòmasyon Prive, selon amannman yo, egzije ajans ki mande Nimewo Sekirite Sosyal yo pou yo fè ou konnen (a) si ou ka konfòme ou poukont ou oswa si ou oblije konfòme ou avèk demann lan, (b) pou kisa yo mande enfòmasyon yo; epi (c) kijan yo pral itilize enfòmasyon yo. Ou libelibè pou bay Nimewo Sekirite Sosyal ou ak/oswa Nimewo Idantifikasyon Kontribiyab ou sou aplikasyon sa a. N ap itilize Nimewo Sekirite Sosyal ak Nimewo Idantifikasyon Kontribiyab ou bay avèk volonte ou sou aplikasyon sa a sèlman pou nou mete anplas yon metòd espesifik ak òganize pou idantifye moun ki aplike epi k ap chèche lojman ki pa chè nan Vil New York, n ap konsève enfòmasyon sa yo yon kote ki fèmen, epi nou p ap itilize yo ni divilge yo pou okenn lòt rezon. Si yon moun ki aplike pa bay yon Nimewo Sekirite Sosyal oswa yon Nimewo Taks Idantifikasyon Kontribiyab sou aplikasyon sa a, sa p ap lakòz li pa kalifye nan moman sa a. Si nou chwazi aplikasyon ou pou nou travay sou li annapre, mèt bilding nan ap gen dwa pou mande enfòmasyon sa yo nan moman an pou li kapab verifiye kredi ou.

### Konbyen moun, ansanm ak oumenm, ki pral viv nan apatman w ap aplike pou li a?

Bay non TOUT MOUN ki pral viv nan apatman ou aplike pou li a, kòmanse avèk tèt ou (Chèf Kay la), epitou bay enfòmasyon ki endike anba la yo.

Si moun nan kay la gen yon andikap mobilite (M), andikap pou tande (T), oswa andikap nan zye (Z) epi li bezwen yon apatman aksesib/adaptab, tanpri tcheke ti bwat ki koresponn lan. Si yo chwazi aplikasyon ou a an pou ale pi lwen, ou menm ak yon pwofesyonèl medikal pral bezwen ranpli yon fòm pou verifiye fwaye ou bezwen yon apatman aksesib oswa adaptab.

Prenon, Inisyal Dezyèm Prenon ak Non Fanmi, Sifiks	SSN/TIN (Pa Obligatwa)	Sa Moun nan ye pou moun ki Aplike a	Dat Li Fèt (MM/JJ/AA)	Sèks	Metye	Andikape?		
						M	T	Z
		Chèf Kay la						



<p>Si ou te koche kaz pou swa andikap mobilite, andikap tande oswa pou wè, èske oumenm oswa yon moun lakay ou bezwen yon aranjman espesyal?</p> <p><input type="checkbox"/> Wi – tanpri endike aranjman ki nesèsè a: _____</p> <p><input type="checkbox"/> Non</p>								
<p><b>Èske ou oswa yon moun k ap viv kay ou se yon veteran Fòs Lame Etazini? *</b> <input type="checkbox"/> <b>Wi</b>  <input type="checkbox"/> <b>Non</b></p> <p><small>*Definisyon veteran dapre 38 U.S.C. 101(2):  Tèm "veteran" vle di yon moun ki te sèvi nan sèvis aktif fòs lame, sèvis aktif fòs naval oswa sèvis fòs-de-lè, epi yo te bay otorizasyon pou kite oswa ki te demobilize ladan anba kondisyon ki pa dezonorab.</small></p>								

### C. Revni (Obligatwa)

<b>Kesyon 1</b>	
Èske oumenm oswa yon moun lakay ou se yon anplwaye Minisipalite Vil New York, Sosyete Devlopman Lojman Vil New York (New York City Housing Development Corporation), Sosyete Devlopman Ekonomik Vil New York (New York City Economic Development Corporation), Administrasyon Lojman Vil New York (New York City Housing Authority), oswa Sosyete Sate ak Lopital Vil New York (New York City Health and Hospitals Corporation)?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Si ou reponn "wi," tanpri endike ajans oswa enstitisyon kote oumenm oswa yon moun lakay ou anplwaye.	
<b>Kesyon 2</b>	
Si ou te reponn "wi" pou Kesyon 1 ki endike anwo a, èske ou te gen nenpòt wòl oswa patisipasyon pèsònèl nan nenpòt pwosesis, desizyon oswa apwobasyon konsènan toutabitasyon lojman ki depannde aplikasyon sa a?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non

**Nòt:** Si ou te reponn "wi" pou Kesyon 1 ki anwo a, ou ka gen obligasyon pou bay yon deklarasyon patwon ou ki endike aplikasyon sa a pa kreye yon konfli enterè. Si ou te reponn "wi" pou Kesyon 2 ki anwo a, w ap gen obligasyon pou bay yon deklarasyon patwon ou ki endike aplikasyon sa a pa kreye yon konfli enterè. Yon deklarasyon konsa pa ta obligatwa jouk pita nan pwosesis aplikasyon a, apre nou chwazi ou nan tiraj-osò a, lè ou pral gen obligasyon tou pou bay lòt dokiman pou verifye revni ak kalifikasyon ou.

**ANPLWAYE HPD SÈLMAN:** Si ou se yon anplwaye HPD, tanpri li Lòd Manm Komisyon an konsènan konfli enterè epi kontakte Biwo Afè Jiridik (Office of Legal Affairs) Ajans lan anvan ou remèt aplikasyon ou.



## 1. Revni nan Travay

Bay lis tout revni nan travay atanplèn ak/oswa travay atan-pasyèl pou TOUT MOUN NAN KAY la ansanm ak tèt ou tou, KI PRAL VIV AVÈK OU nan apatman ou aplike pou li a. Mete salè travay endepandan:

Moun k ap Viv nan Kay la	Non ak Adrès Patwon	Depi konbyen tan ou gen travay sa a		Salè	Peryòd (pa semèn, chak de semèn, de fwa pa mwa, chak mwa, chak ane)	Revni Anyèl anvan Dediksyon
		Ane	Mwa			
Chèf Kay la						



## 2. Revni nan Lòt Sous

Bay lis tout lòt sous revni pou chak moun k ap viv nan kay la, pa egzanp, èd sosyal (ansanm ak alokasyon pou lojman), AFDC, Sekirite Sosyal, SSI, pansyon, konpansasyon travayè, konpansasyon chomaj, revni nan enterè, bebisit, swen ou ba moun, pansyon alimantè, sipò timoun, anuite, dividann, revni nan pwopriyete lokasyon, Rezèv Fòs Lame, bousdetid ak/oswa sibvansyon, revni nan kado, elatriye.

Moun k ap Viv nan Kay la	Kalite Revni	Kantite Lajan	Peryòd (pa semèn, chak de semèn, de fwa pa mwa, chak mwa, chak ane)	Revni Anyèl anvan Dediksyon
Chèf Kay la				

## 3. Revni Total Moun nan Kay la Chak Ane

Adisyone TOUT Revni Anyèl anvan Dediksyon (Seksyon 1 ak 2 ki anwo a) epi mete REVNI ANYÈL TOTAL MOUN KI AP VIV KAY OU:

#### 4. Resous

<b>Èske gen resous pou kay sa a?</b> Kèk egzanj resous se kont kouran, kont epay, resous envestisman (aksyon, obligasyon, fon retrèt ou vin genyen, elatriye), byen imobilye, epay lajan kach, pòtfèy envestisman, elatriye.		<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	
Si ou reponn "wi," tanpri endike resous yo pou chak moun ki nan kay la:			
Moun k ap Viv nan Kay la	Kalite Resous/Kont	Branch	Kantite Lajan
Chèf Kay la			

#### D. Mèt Kay la nan Moman an

- Otorite Lojman Vil New York (NYCHA, New York City Housing Authority)  
 Lòt Pwopriyete Minisipalite Vil la Posede (Konsènan yon Bagay)  
 Yon Konpayi oswa yon Òganizasyon  
 Yon Moun

Non Mèt Kay la (Konpayi, Òganizasyon oswa non ou)	Adrès Mèt Kay la	Nimewo Telefòn Mèt Kay la
<b>Ki pri total lwaye ki sou apatman kote w ap viv kounye a oswa kote ou rete pou yon ti tan an?</b>		_____ pa mwa
<b>Ki kantite lajan ou bay kòm kotizasyon nan pri total lwaye apatman an? Si ou pa bay anyen, ekri "0."</b>		_____ pa mwa

#### E. Rezon Pou Demenajman ou an





Pou kisa w ap demenaje? Tanpri koche kaz ki koresponn ak tout repons ki bon yo:	
M ap Viv avèk Paran	PA Gen Ase Plas
Move Kondisyon Lojman	Rezon Sante
Pwoblèm pou Gen Aksè akòz Andikap	Viv avèk Manm Fanmi/Lòt Manm Fanmi
Pa renmen Katye a	Pri Lwaye Twò Wo
Ogmantasyon nan Kantite Moun ki nan Fanmi an (Maryaj, Nesans)	Lòt:

## F. Idantifikasyon Gwoup Etnik

Enfòmasyon sa yo pa obligatwa epi yo p ap afekte pwosesis aplikasyon an. Tanpri koche kaz pou gwoup (yo) ki pi byen idantifye moun lakay ou:	
Moun Blan	Nwa oswa Afriken-Ameriken
Ispanik oswa Latino	Azyatik
Endyen Ameriken oswa Natifnatal Alaska	Natifnatal Hawaii oswa Lòt moun ki fèt nan Zile Pasifik
Lòt:	

## G. Siyati (Obligatwa)

MWEN (NOU) DEKLARE DEKLARASYON KI ENDIKE NAN APLIKASYON SA SE APLIKASYON KI VRÈ AK KONPLÈ DAPRE TOUT SA MWEN (NOU) KONNEN. Mwen (nou) pa t ni retire, ni falsifye, ni bay okenn enfòmasyon ki fo. Mwen (Nou) rekonèt aklè Depatman Ankèt Vil New York [New York City Department of Investigation (DOI)], yon ajans lapolis endepandan ki ka fè ankèt sou fwod potansyèl nan pwogram Minisipalite Vil la finanse, ka revize nenpòt ak tout enfòmasyon mwen (nou) bay pandan pwosesis aplikasyon sa a. Mwen (nou) rekonèt kèk nan konsekans ki genyen pou si mwen (nou) bay fo enfòmasyon oswa pou si mwen (nou) fè espere pou bay enfòmasyon ki pa konplè pou mwen (nou) kapab kalifye pou pwogram sa a se diskalifikasyon aplikasyon mwen (nou), sispansyon (rezilyasyon) kontra lwaye mwen (nou) (si yo vin dekouvri sa), epitou yo kapab voye dosye mwen (nou) ba otorite konpetan pou yo ka pouswiv mwen (nou) devan lajistis kòm kriminel.

MWEN (NOU) DEKLARE NI MWEN (NOU), NI OKENN MANM FANMI PWÒCH MWEN (NOU), P AP TRAVAY POU PWOPRIYETÈ BILDING NAN OSWA POU REPREZANTAN PRENSIPAL LI YO.

\_\_\_\_\_

Siyati

\_\_\_\_\_

Dat

\_\_\_\_\_

Siyati

\_\_\_\_\_

Dat

**SEKSYON SA A SE POU BIWO A ITILIZE SÈLMAN:**



Moun ki gen andikap pou:  Mobilite  Wè  Tande  
Rezidan Konsèy Kominotè:  Wi  Non  
Anplwaye Minisipal:  Wi  Non  
Gwosè Apatman ki deziyen an:  Stidyo  1 Chanmakouche  2 Chanmakouche  
 3 Chanmakouche  4 Chanmakouche  
Konpozisyon Fanmi: Adilt (gason) \_\_\_\_\_ Adilt (Fi) \_\_\_\_\_  
Timoun (Gason) \_\_\_\_\_ Timoun (Fi) \_\_\_\_\_

REVNI TOTAL KI VERIFYE POU LAKAY OU AN: \$ \_\_\_\_\_ PA ANE

